# BASLAWÍSH KLASSLARDA SHÍǴARMA JAZÍWDA INTERAKTIV USÍLLARÍNAN PAYDALANÍW

***Mırzabekova Gumshagul,***
*NMPI, Baslawısh tálim kafedrası úlken oqıtıwshısı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18908756

***Annotaciya:*** *Maqalada ana tili sabaqlarında oqıwshılardıń shıǵarma jumısların jazıwda interaktiv usıllardan paydalanıwdıń jol-jobası berilgen.*
***Gilt sózler:*** *shıǵarma jumısı, ana tili,oqıtıw, oqıtıw mazmunı, tálim standartı, baslawısh tálim*
***Annotaciya:*** *V state predstavlen plan ispolzovaniya interaktivnıx metodov pri napisanii sochineniy uchashimisya na urokax rodnogo yazıka.*
***Klyuchevıe slova:*** *tvorcheskaya rabota, rodnoy yazık, obuchenie, soderjanie obucheniya, obrazovatelnıy standart, nachalnoe obrazovanie*
***Abstract:*** *The article presents a plan for using interactive methods when students write essays in their native language lessons.*
***Keywords:*** *creative work, native language, education, educational content, educational standard, primary education.*

Búgingi kúnde bilimlendiriwdiń sapalılıǵı ushın onıń aldına qoyılıp atırǵan baslı talaplardan biri – bul oqıtıwdıń mazmunı menen birgelikte oqıtıw metodların da quramalastırıw bolıp sanaladı. Sonlıqtan da, baslawısh klass ana tilin oqıtıwdıń metodikalıq hám psixologiyalıq tiykarları olardıń dóretiwshilik penen jumıs islew barısında kórinedi. Eger insan balasınıń tildi biliw, dóretiwshilik uqıbı kónlikpeleri balalıq dáwirinen esapqa alsaq, ana tilin oqıtıw metodikası pániniń bul boyınsha ózine tán ornınıń bar ekenligin ańlaymız. Baslawısh klass ana tili páni bul baslawısh tálim standartı belgilep kórsetken wazıypalardı ámelge asıradı, oqıwshılarda oylaw, pikirlew qábiletlerin keńeytiw, olardıń logikalıq pikirlew, awızeki hám jazba sóylew, jazıw sawatlılıǵın rawajlandırıw, óz pikirin erkin hám rawan túrde bayanlay alıw, sózlerdi óz ornında durıs qollana biliw kónlikpe hám uqıpların rawajlandıratuǵın pán bolıp esaplanadı. Demek, baslawısh klassta shıǵarma jazıwda ózine tán usıllardan paydalanıw úlken áhmiyetke iye.

Baslawısh klassta ana tilin oqıtıw barısında diktant, bayan hám 4-klassqa kelip, shıǵarma jumısların jazdırıw, tekst ústinde jumıs alıp barıw sıyaqlı jumıslar alıp barıladı. Shıǵarmanıń bir neshe túrleri bar. Shıǵarma pedagogikalıq maqsetine qaray:

1. Úyretiw shıǵarma;
2. Tekseriw (baqlaw) shıǵarma;

3. Kórik tańlaw shıǵarma túrinde úshke bólinedi. Mazmunına qaray bolsa, shıǵarma jumısı tómendegi túrlerge bólinedi:

1. Ádebiyat temasındaǵı shıǵarma;
2. Ádebiy dóretiwshilik shıǵarma;
3. Erkin temadaǵı shıǵarma bolıp bólinedi. Ádette, ádebiyat temasındaǵı shıǵarmalar – ádebiyatta túsinip jetiwge, kórkem shıǵarmanı talqılawǵa, bahalawǵa, oǵan óz múnásibetin bildiriwge úyretedi.

Ádebiy dóretiwshilik shıǵarma bolsa, ádebiyatta ótilgen maǵlıwmatqa oqıwshınıń jeke pikiri, kózqarasları qosılıp súwretlenetuǵın shıǵarma jumısı. Erkin temadaǵı shıǵarma bolsa jámiyetlik turmıstıń túrli tarawlarına baylanıslı oy pikir erkinligi tiykarında jazıladı. Baslawısh klassta usı topardaǵı shıǵarma jumısların oqıwshılarǵa jazıp úyretiwde, dóretiwshilikke baǵdarlawda bir qatar interaktiv usıllardan paydalanıwǵa boladı. «Venn diagramması» sheńberi ortasına oqıwshı sózin jazıp, oń sheńberine miynetkesh oqıwshı, shep sheńberine erinshek oqıwshı sózin jazıp, soń usı tiykarda shıǵarma jumısın orınlaw wazıypasın tapsırıw múmkin.




Bunda, oqıwshılar eki qásiyettegi miynetsúygish hám miynetti súymeytuǵın, tek jaqsı taǵamlardı jep, uyqını, oyın-zawıqtı xosh kóretuǵın oqıwshılar mısalında, onıń aqıbetin, óz túsiniklerin, kózqaraslarınan, baqlawlarınan kelip shıǵıp jazıw múmkinshiligine iye boladı. Ayırım oqıwshılardıń jazǵanlarınan mısallar keltiremiz:

«…. Miynetkesh oqıwshı bárha ata-anasına járdem beredi. Sol ushın ata-anasınan alǵıs aladı. Nursultannıń úyinde shójeleri bar. Ol hár kúni ana tawıqqa hám onıń altı shójesine dán, suw beredi. Hákkeden, pıshıqtan qorǵaydı. Tawıq ara-tura máyek tuwadı. Nursultanǵa anası máyeklerden mazalı taǵamlar pisirip beredi. Bul- Nursultannıń miynetiniń jemisi».

Ekinshi oqıwshı erinshek oqıwshı haqqında bılay bayanlaǵan: «… Adam erinshek bolmaw kerek. Erinsheklik – bul jaman ádet. Men bir kúni erinsheklik etip azanda uyıqlap qaldım. Solay etip, oqıwǵa kesh qaldım. Ata-anamnan hám muǵallimimnen gáp esittim. Erinsheklik - jaman ádet».

4-klass oqıwshılarına erkin temadağı shığarmalardı jazıwda da interaktiv usıllardan paydalanıwğa boladı. Onda temanı «Meniń watanım» dep atap, «T-sxemasında» sxemanıń bir tárepine «awıl», ekinshi tárepine «qala» sózlerin jazıp, usı tiykarda óz pikir kózqarasların jazıw tapsırması beriledi. Oqıwshı óz dóretiwshilik oylaw qábiletinen kelip shığıp, usı temağa tiyisli qısqa sorawlar da dúziw múmkin.

«Awıl» temasına: «Meniń anamnıń úyi awılda. Hár jılı jazda men dayılarıma, awılğa qıdırıp baraman. Japta shomılamız, padağa mal aydaymız. «Suw qalaq», «Qır qalaq», «Qasharman» degen oyınlardı oynaymız. Awılda terek kóp. Men aqtal terekte qurqulday degen qustıń uyasın kórip hayran qaldım. Ol júdá kishkene boladı eken. Mağan awıl júdá unaydı».

«Qala» temasına: «Paytaxtımız - Nókis qalası. Nókis-sulıw qala. Onda biyik jaylar, imaratlar bar. Nókistiń ortasınan «Doslıq» degen kanal ağıp ótedi. Men hár jılı jazda Nókis qalasına qıdırıp baraman. Bul jerde teatrğa kirdim, qızıqlı koncert tamashaladıq. Qalada adam kóp, mashinalar da kóp. Men úlkeysem qalada oqıyman». Oqıwshılar «T-sxemasında» kórsetilgen eki temağa birdey waqıttıń ózinde shığarma tekstin jaza almaydı. Sonlıqtan, oqıwshılardıń qaysı temanı jazğısı keletuğınlığın olardıń óz qálewine salıw kerek.

Shığarma jumısın orınlatıwda tek dástúriy usıllardan ğana paydalanıp qoymastan, interaktiv usıllardan da paydalanıw oqıwshılardıń dóretiwshilik jumıslardı orınlawında belgili nátiyjelerge erisiwine tiykar boladı, sóz baylığın arttıradı.

**Ádebiyatlar:**

1. Йўлдашев Ж.Ф, Усманов С.А. Педагогик технология асослари. Тошкент. «Ўқитувчи». 2004. 62-б.
2. Пирниязов Қ. Баслаўыш классларда қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис. Билим. 1993.